

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar: (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) prosedur panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, jeung (6) analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir, 2014, kc. 73). Métode ékspérimén nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 72) métode panalungtikan ékspérimén bisa dihartikeun salaku métode panalungtikan nu digunakeun pikeun néangan pangaruh perlakuan nu tangtu kana hal séjén dina kondisi nu bisa kacekel.

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *One Group Pretest – Post-test Design*, ku cara maké hiji kelas tanpa kelas pembanding. Aya tilu kagiatan anu bakal dilarapkeun dina ieu panalungtikan nyaéta *pre test*, *treatment*, jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara *pre-test* anu tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis guguritan kalayan ngagunakeun modél *Direct Instruction*, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Desainna seperti di handap ieu.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

(Sugiyono, 2017, kc. 75)

O₁ = kamampuh nulis guguritan siswa saméméh maké modél *Direct Instruction*.

O₂ = kamampuh nulis guguritan siswa sabada maké modél *Direct Instruction*.


X = modél *Direct Instruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa.

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 1 Lembang nu perenahna di Jalan Raya Lembang No. 357, Jayagiri, Lembang, Kayuambon, Lembang, Kabupaten Bandung Barat, Jawa Barat 40391. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang taun ajaran 2018-2019 anu jumlahna 30 siswa, 20 siswa awéwé, jeung 10 siswa lalaki.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap



Bagan 3.2
Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah anu kudu dilakukeun. Anapon léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku: (a) tahap tatahar, (b) tahap pelaksanaan, (c) tahap nganalisis data, jeung (d) kacindekan.

a) Tahap Tatahar

Tahap tatahar anu munggaran dilakukeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngaindéntifikasi masalah anu kudu ditungkulan. Dina ieu tahap téh dilakukeun obsérvasi ngeunaan pangajaran basa Sunda hususna dina nulis sisindiran (guguritan);
- 2) ngajukeun judul panalungtikan (skripsi) sabada ngaidéntifikasi masalah nu aya di sakola;
- 3) ngajukeun proposal skripsi;
- 4) nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP); jeung

Fitria Noor Awalya, 2019

MODÉL DIRECT INSTRUCTION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII-A SMP NEGERI 1 LEMBANG TAUN AJARAN 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMP Negeri 1 Lembang ngeunaan “Modél *Direct Instruction* dina pangajaran Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ekspérimén siswa kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajaran 2018/2019).

b) Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis guguritan;
- 2) nyiapkeun instrumén panalungtikan; jeung
- 3) ngalakukeun panalungtikan ka siswa.

c) Tahap Nganalisis Data

Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) ngumpulkeun data;
- 2) ngolah hasil data *pre-test*;
- 3) ngolah hasil data *post-test*, jeung
- 4) nyusun laporan hasil tina panalungtikan.

Dina ieu prosedur panalungtikan, anu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés. Tés dilakukeun pikeun meunangkeun data hasil nulis guguritan siswa, ngawengku tés awal jeung tés ahir. *Pre-test* minangka tés pikeun nyangking data hasil nulis guguritan siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction* sedengkeun *post-test* minangka tés pikeun nyangking data hasil ngaregepkeun siswa sanggeus dibéré *perlakuan* nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction*.

Anapon léngkah-léngkah panalungtikan saperti ieu di handap:

- a) nataharkeun matéri pangajaran nulis guguritan;
- b) nataharkeun instrumén panalungtikan, wangun *pre-test* jeung *post-test*;
- c) ngayakeun panalungtikan, ngalakukeun *pre-test*;
- d) ngalakukeun *treatment*, ku cara siswa nulis guguritan ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction*;
- e) ngayakeun *post-test* ka siswa sanggeus siswa nulis guguritan ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction*; jeung
- f) kacindekan.

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtikan nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang jeung hasilna hadé, hartina leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Jenis instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén tés, anu mangrupa alat ngumpulkeun data anu sipatna ngukur jeung ngahasilkeun data hasil ukur. Tés nyaéta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis guguritan siswa anu ngawengku *pretest* jeung *post-test*. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis anu ngukur pamahaman siswa dina nulis guguritan, sarta nepi ka mana siswa bisa nulis guguritan nu saluyu jeung téma nu geus dibéré.

Upama dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké observasi langsung, nyaéta observasi anu di paké sacara langsung kana objék nu ditalungtik. Tés dilakukeun sacara dua kali, nyaéta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction*.

Ieu di handap instrumén tés anu dipaké dina ieu panalungtikan.

Soal Nulis Guguritan
No. Absén :
Kelas :
I. Pék ku hidep jieun hiji guguritan ngagunakeun patokan pupuh
Mijil kalayan téma bébas saluyu jeung watekna !
.....
.....
.....
.....

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tés. Tés nyaéta runtuyan patalékan atawa latihan atawa alat séjén anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, *intelengensi*, jeung kamampuh, atawa bakat anu aya dina diri individu atawa kelompok (Misbahuddin & Hasan, 2013, kc. 17). Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis guguritan siswa anu ngawengku inti tulisan, amanat, pilihan kecap, guru lagu, guru wilangan, jeung eusi carita pangarang dina hubungan eusi anu luyu jeung téma guguritan. Tés tulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas VIII-A dina nulis guguritan. Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun opat tahapan saperti anu diébréhkeun ieu di handap.

- a) Siswa dibéré tés awal pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangaweruh ngeunaan guguritan.
- b) Sabada mikanyaho hasil tés awal siswa, panalungtik nataharkeun naon waé nu dibutuhkeun nalika prosés diajar ngajar kalawan ngagunakeun métode pangajaran.
- c) Nepikeun matéri guguritan dina prosés diajar ngajar kalawan ngalarapkeun modél pangajaran *Direct Instruction* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment* (*perlakuan*).
- d) Sanggeus ngalaksanakeun *treatment* ngagunakeun modél pangajaran *Direct Instruction* satuluyna diayakeun tés ahir pikeun mikanyaho kamampuh ahir siswa dina nulis guguritan.

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *software IBM SPSS Statistic versi 18. Statistical Product and Service Solution* (SPSS) nyaéta hiji program pikeun ngabantu dina prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistic. Data input nu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test* nu satuluyna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Nganalisis data dina ieu panalungtikan dilakukeun ngaliwatan sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

- a. Mariksa karangan nulis guguritan siswa tina *pretest* jeung *post-test* dumasar kana lima aspék nyaéta nyirian inti tulisan nu kurang merenah, amanat nu kurang merenah, pilihan kecap, guru lagu jeung guru wilangan, sarta eusi carita.

Tabél 3.1

Skala Skor Aspék anu Dipeunteun dina Tés Nulis Guguritan

No.	Aspék nu Dipeunteun	Skor	Kriteria
1	Eusi (Inti Tulisan)	5	Hadé pisan: inti tulisan kacida saluyu jeung jeung téma
		4	Hadé: inti tulisan saluyu jeung téma
		3	Cukup: inti tulisan cukup saluyu jeung téma
		2	Kurang: inti tulisan kurang saluyu jeung téma
		1	Kurang pisan: inti tulisan henteu saluyu jeung téma
2	Eusi (Amanat)	5	Hadé pisan: amanat kacida saluyu jeung téma
		4	Hadé: amanat saluyu jeung téma
		3	Cukup: amanat cukup saluyu jeung téma
		2	Kurang: amanat kurang saluyu jeung téma
		1	Kurang pisan: amanat henteu saluyu jeung téma
3	Basa (Pilihan Kecap)	5	Hadé pisan: pilihan kecap anu digunakeun henteu merenah
		4	Hadé: pilihan kecap anu digunakeun merenah kana larapna
		3	Cukup: pilihan kecap anu digunakeun cukup merenah kana larapna
		2	Kurang: pilihan kecap anu digunakeun kurang merenah kana larapna
		1	Kurang pisan: pilihan kecap anu digunakeun henteu merenah kana larapna
4	Pupuh (Guru Lagu jeung Guru Wilangan)	5	Hadé pisan: guru lagu jeung guru wilangan henteu saluyu jeung ugeran pupuhna
		4	Hadé: guru lagu jeung guru wilangan saluyu jeung ugeran pupuhna
		3	Cukup: guru lagu jeung guru wilangan cukup saluyu jeung ugeran pupuhna
		2	Kurang: guru lagu jeung guru wilangan kurang saluyu jeung ugeran pupuhna
		1	Kurang pisan: guru lagu jeung guru wilangan henteu saluyu jeung ugeran pupuhna
5	Wangun Karangan (Eusi Carita)	5	Hadé pisan: eusi carita kacida saluyu jeung narasi karangan pupuhna
		4	Hadé: eusi carita saluyu jeung narasi karangan pupuhna
		3	Cukup: eusi carita cukup saluyu jeung narasi karangan pupuhna
		2	Kurang: eusi carita kurang saluyu jeung narasi karangan pupuhna
		1	Kurang pisan: eusi carita henteu saluyu jeung narasi karangan pupuhna

(Kuswari, 2010, kc. 159)

(Widyagiri, 2011 kc. 12)

- b. Méré peunteun jeung nganalisis hasil tést kamampuh nulis guguritan siswa saméméh jeung sabada maké modél *Direct Instruction* kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Total Skor nu kahontal}}{\text{Jumlah Skor Maksimal}} \times 100$$

Tabél 3.2
Skala Peunteun Kamampuh Nulis Guguritan

Skala	Katégori
81 – 100	Hadé Pisan
61 – 80	Hadé
41 – 60	Cukup
21 – 40	Kurang
0 – 20	Kurang Pisan

- c. Ngasupkeun peunteun nulis guguritan kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Tabél Format Peunteun Pre-test jeung Post-test Nulis guguritan

No absén siswa	Aspék nu dipeunteun					Σ	P	Kategori
	A	B	C	D	E			
Σ								
X								

Keterangan:

- A = Inti Tulisan
 B = Amanat
 C = Pilihan Kecap
 D = Guru Lagu jeung Guru Wilangan
 E = Eusi Carita
 P = Peunteun
 Σ = Jumlah Skor (A+B+C+D+E)

- d. Nganalisis kamampuh nulis guguritan siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*, dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, hasil peunteun nulis guguritan siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Tabél Kamampuh Nulis Guguritan Siswa Saméméh jeung Sabada ngagunakeun Modél Direct Instruction

Saméméh			Sabada		
No Absen Siswa	Σ	P	No Absen Siswa	Σ	P
A1			A1		
A2			A2		
...			...		
Σ			Σ		
P			P		

3.6.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions (SPSS)* nyaéta hiji program nu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* nu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Uji normalitas miboga udagan pikeun nguji sampel nu digunakan téh miboga distribusi normal atawa henteu. Salian éta, ogé miboga udagan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa digunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Kolmogorov-Smirnov*, ku taraf signifikan 5% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi) $\geq 0,05$

H_1 ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi) $< 0,05$

3.6.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima atawa henteuna hipotésis. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh miboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésisna

Fitria Noor Awalya, 2019

MODÉL DIRECT INSTRUCTION DINA PANGAJARAN NULIS GUGURITAN (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII-A SMP NEGERI 1 LEMBANG TAUN AJARAN 2018/2019)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-tes, sedengkeun saumpama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésisna ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Hipotésis dina ieu panalungtikan téh aya dua, nyaéta H_0 jeung H_1 .

H_0 = Teu aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*.

H_1 = Aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-A SMP Negeri 1 Lembang antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction*.